

Disiplin Lekòl Fèy Konsèy


2025

**Dwa ak Pwosedì Disiplin
Etidyan nan MA**



Lis sa ki ladan l

Lòt Opsyon Pou Ranplase Disiplin	03
Mete l deyò ann ijans	05
Sispansyon Ki Pa Dire Anpil Tan	07
Sispansyon Ki Dire Anpil Tan	09
Ekspilasyon	11
Revizyon Desizyon	13
Manifestasyon	
Akizasyon Kriminèl ak Sispansyon nan Lekòl	15
Lis Mo	17
Liy Èd	18



Lòt Opsyon Pou Ranplase Disiplin

Kisa lalwa mande:

Lekòl nan Massachusetts yo dwe konsidere lòt opsyon pou ranplase sispansyon pou lè elèv yo vyole pifò règ nan lekòl yo.

Kisa lòt opsyon yo ye?

Opsyon yo ka gen anpil bagay ki diferan. Kèk egzanp gen ladan yo medyasyon, rezolisyon konfli, jistis reparasyon, ak rezoud pwoblèm ak tèt ansanm.

Lè lòt opsyon yo obligatwa:

Egzanp yo gen ladan yo di betiz, sèmante, pa respekte règ sou kòd abiman, kite sal klas san pèmision, pwomennen nan koulwa yo oswa nan zòn ki pa otorize.

Lè lòt opsyon yo pa obligatwa:

Lòt opsyon yo pa obligatwa si elèv la te pote dwòg nan lekòl la, te atake yon manm ekip la, te pote yon zam danjere nan lekòl la, oswa si elèv la te gen akizasyon oswa kondane pou yon krim.

Aranjman:

Lekòl yo dwe bay akomodasyon pou elèv ki gen andikap ak elèv ki pale oswa ki konprann yon lòt lang ki pa Anglè.

Kondisyon pou dokimantasyon:

- Lekòl yo dwe kenbe dosye nenpòt lòt opsyon yo te eseye ak rezilta sa bay.
- Si lekòl la pa sèvi ak lòt opsyon pou sispansyon oswa ekspilsyon, yo dwe esplike rezon presi ki fè sa.
- Si lekòl la kwè prezans elèv la ta lakòz yon sa fè lòt moun mal yon fason grav pandan li nan lekòl la, lekòl la dwe dokimante rezon ki fè sa.



Konnen dwa w

Si lekòl la pa t konsidere lòt opsyon pou disiplin, li pa t dokimante rezon ki fè li pa t fè sa, epi li te sispann oswa ekspilse pitit ou a, yo ka te vyole dwa pitit ou a.

Mete l deyò ann ijans

Kisa mete li deyò ann ijans lan vle di?

Yo mete yon moun deyò an ijans lè yo retire yon timoun nan lekòl la pou vyolasyon règ lekòl la anvan yon seyans sispansyon oswa ekspilsyon.

Detay kle sou kesyon mete deyò ann ijans lan

1. Li pa ka dire plis pase **2 jou lekòl**.

2. Lekòl la dwe pwouve elèv la:

Poze yon danje pou moun oswa etablisman

OSWA

Seryezman deranje kapasite lekòl la pou edike, EPI pa gen okenn fason pou sispann danje oswa dezòd nan lekòl la.



Konnen dwa w

Si ou reponn **NON** pou nenpòt nan kesyon sa yo, yo ka vyole dwa pitit ou a:

- ☐ Èske lekòl la te esplike kijan pitit ou a te mete moun oswa pwopriyete an danje oswa te lakòz youn gwo dezòd ki afekte fonksyonman lekòl la?
- ☐ Èske lekòl la te konsidere lòt opsyon – epi esplike w sa yo – anvan li te voye pitit ou a lakay?
- ☐ Èske lekòl la te asire li gen yon fason ki an sekirite pou pitit ou a rive lakay?
- ☐ Èske lekòl la te eseye fè ou konnen y ap mete elèv la deyò **IMEDYATMAN** e poukisa sa te nesesè?
- ☐ Èske lekòl la te pwograme yon odyans sispansyon/ekspilasyon nan moman yo te mete l deyò a?
- ☐ Èske lekòl la te enfòme w sou dwa pitit ou a nan seyans disiplin nan? (Note: Gen diferan dwa Pou sispansyon kout ak alontèm, ak pou seyans ekspilasyon.)

Sispansyon Ki Pa Dire Anpil Tan

Ki sa ki sispansyon ki pa dire anpil tan ye?

- Yon sispansyon ki pa dire lontan vle di yo kenbe pitit ou a deyò lekòl pou 10 jou lekòl oswa mwens.
- **REMAK:** Lekòl pitit ou a oblije gen yon kòd konduit ki esplike règ lekòl la, pwosedi disiplinè, ak dwa elèv ou a.



Konnen dwa ou

Si w reponn NON pou nenpòt nan kesyon sa yo, yo ka vyole dwa pitit ou a:

- ☐ Anvan sispansyon an, èske lekòl la te di w **pa ekri** ki règ ki te vyole e poukisa?
- ☐ Anvan sispansyon an, èske lekòl la te fè ou konnen pitit ou a gen **dwa pou li gen yon seyans?**
- ☐ Èske lekòl la te kominike avè ou alekri nan **lang ou pi pito?**

- ☐ Nan seyans lan, èske lekòl la te esplike ki règ pitit ou a te vyole e poukisa?
- ☐ Nan seyans lan, èske pitit ou a te gen dwa rakonte vèsyon pa l nan istwa a?
- ☐ Nan seyans lan, èske lekòl la te bay yon entèprèt si w te bezwen youn?
- ☐ Èske lekòl la te konsidere **lòt opsyon pou ranplase sispansyon** anvan li decide sispann pitit ou a?
 - Lòt opsyon yo ka gen ladan medyasyon, rezolisyon konfli, jistis reparasyon, ak rezoud pwoblèm nan tèt ansanm.
- ☐ Si yo te sispann pitit ou a, èske w te resevwa yon avi **pa ekri** konsènan sispansyon an?
- ☐ Èske avi alekri a te gen ladan l: **rezon sispansyon an, konbyen tan sispansyon an pral dire, jou pitit ou a ka retounen lekòl, enfòmasyon sou fason pitit ou a ka ratrape travay li te manke pandan sispansyon an?**
- ☐ Si yo te sispann pitit ou a pou **plis pase 10 jou antou** nan yon ane lekòl, sa a vin tounen yon sispansyon alontèm, epi pitit ou a gen lòt dwa.

Sispansyon Ki Dire Anpil Tan

Ki sa ki sispansyon ki dire anpil tan ye?

- Yon sispansyon alontèm se lè youn timoun pa ka ale lekòl pou plis pase **10 jou lekòl men pa plis pase 90 jou lekòl** pou tèt li vyole règ lekòl la.
- Sispansyon an pa ka dire pase ane lekòl aktyèl la.
- 10 jou yo kapab youn dèyè lòt, oswa si yon elèv gen plizyè sispansyon ki egal a plis pase 10 antou jou nan menm ane a.

Enfòmasyon Enpòtan Sou Sispansyon Alontèm

- Lekòl pitit ou a oblije gen youn kòd konduit ki esplike règ lekòl yo, pwosedi disiplin yo, ak dwa elèv ou a.
- Elèv ki gen akizasyon oswa ki kondane pou youn krim gen dwa diferan



Konnen dwa ou

Si ou reponn **NON** pou nenpòt nan kesyon sa yo, yo ka vyole dwa pitit ou a:

Sispansyon Ki Dire Anpil Tan

- ☐ Èske lekòl la te di ou alekri poukisa yo te planifye pou sispann pitit ou a?
- ☐ Èske lekòl la te kite ou kominike nan lang ou pi alez lan?
- ☐ Èske lekòl la te **envite ou nan yon seyans** pou yo pale sou sa ki te pase anvan yo te sispann pitit ou a?
- ☐ Èske lekòl la pèmèt ou **mennen yon avoka oswa yon defansè** nan seyans lan?
- ☐ Èske lekòl la te pèmèt pitit ou a **rakonte vèsyon pa li nan istwa a?**
- ☐ Èske lekòl la te pèmèt ou **kesyone nenpòt temwen** yo te mennen nan seyans lan?
- ☐ Si ou te bezwen youn, èske lekòl la te **bay yon entèprèt** pou seyans lan?
- ☐ Si pitit ou a gen yon plan IEP oswa 504, èske lekòl la te fè yon **revizyon desizyon manifestasyon (MDR)?** (MDR gade si konpòtman an te gen rapò ak andikap yo oswa si lekòl la pa t suiv plan IEP/504 yo.)
- ☐ Si yo te sispann pitit ou a, èske lekòl la te ba w enfòmasyon sou **fason pou ou depoze yon kontestasyon ak direktè jeneral la?**
- ☐ Èske lekòl la te asire l pitit ou a te resevwa **sèvis edikasyon pandan li te sispann?** (Yo dwe bay omwen de opsyon pou edikasyon k ap kontinye.)

Ekspilsyon

Ki sa Ekspilsyon ye?

- Ekspilsyon vle di yo retire yon timoun nan lekòl la pou plis pase 90 jou lekòl.
- Si yo akize pitit ou a oswa li kondane pou yon krim, yo gen dwa diferan pase sa yo dekri la a.
- **NOTE:** Lekòl pitit ou a oblije gen yon kòd konpòtman ki esplike règ lekòl la, pwosedi disiplin yo, ak dwa pitit ou a.



Konnen dwa ou

Si ou reponn NON pou nenpòt nan kesyon sa yo, yo ka vyole dwa pitit ou a:

- ☐ Èske pitit ou a te gen yon zam danjere nan lekòl la?
- ☐ Èske pitit ou a atake yon moun ki anplwaye lekòl la?
- ☐ Èske pitit ou a te gen dwòg nan lekòl la (ki inkli mariwana)?
- ☐ Èske lekòl la te fè ou konnen alekri ekspilsyon ki te planifye a?

- ☐ Èske lekòl la te envite ou nan yon seyans pou pale sou ekspilasyon an anvan li te rive?
- ☐ Èske lekòl la te pèmèt ou mennen yon avoka oswa yon defansè nan seyans lan?
- ☐ Èske lekòl la te pèmèt pitit ou a rakonte vèsyon pa li nan sak it pase a?
- ☐ Èske lekòl la te kite ou kesyone nenpòt temwen yo te mennen nan seyans lan?
- ☐ Èske pitit ou a gen yon plan IEP oswa 504?
 - Si se wi, èske lekòl la te fè yon Revizyon Desizyon Manifestasyon (MDR)? (Yon MDR ede yo gade si konpòtman pitit ou a te gen rapò ak andikap li oswa si lekòl la pa t suiv plan IEP/504 yo.)
- ☐ Si yo te mete pitit ou a deyò, èske lekòl la te ba w enfòmasyon alekri sou fason pou w depoze yon kontestasyon ak direktè jeneral la?
- ☐ Si yo te mete pitit ou a deyò, èske lekòl la te bay sèvis edikasyon pandan ekspilasyon an? (Lekòl la dwe ofri omwen de opsyon pou pitit ou a kontinye edikasyon l.)

Revizyon Desizyon Manifestasyon

Ièske pitit ou a ap fè fas a yon sispansyon alontèm oswa ekspilsyon?

- Sispansyon alontèm vle di plis pase 10 jou lekòl.
- Ekspilsyon vle di yo retire li nan lekòl la pou yon peryòd ki pi long.

Èske pitit ou a gen yon plan IEP oswa 504?

- Oswa èske lekòl la evalye pitit ou a paske li ka gen yon andikap?
- Èske lekòl la konnen pitit ou a ka kalifye pou yon plan IEP oswa 504?

Si repons lan se WI pou tou de kesyon yo, pitit ou a gen dwa pou yon Revizyon Desizyon Manifestasyon (MDR).

Ki sa yon MDR ye?

- Yon MDR se yon reyinyon kote ou ak manm ekip IEP oswa ekip 504 pitit ou a patisipe.
- Si lang matènèl ou se pa Anglè, ou gen dwa pou ou jwenn yon entèprèt nan MDR la.

MDR a dwe detèmine:

- Èske konpòtman an te rive, oswa èske li te gen yon relasyon dirèk ak andikap pitit ou a?
OSWA
- Èske konpòtman an te koze pa echèk lekòl la pou aplike plan IEP oswa plan 504 pitit ou a?

Si MDR a twouve ke konpòtman an gen rapò ak andikap la:

- Lekòl la **PA KAPAB** sispann oswa ekpilse pitit ou a deyò.
- Olye de sa, lekòl la dwe travay avèk ou a pou sipòte pitit ou a. Sa ka gen ladan l:
 - Fè yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (FBA)
 - Kreye yon Plan Entèvansyon Konpòtman (BIP)

Eksepsyon:

Si konpòtman an gen rapò ak zam, dwòg ilegal, dwòg kontwòle, oswa blesi nan grav, lekòl la ka retire elèv la nan yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa (IAES) pou jiska 45 jou lekòl, menm si MDR a wè konpòtman an se yon manifestasyon andikap timoun nan.

Akizasyon Kriminèl ak Sispansyon nan Lekòl

Sa ou dwe konnen

- Yon elèv ki gen akizasyon kriminèl swa nan tribinal pou timoun oswa nan tribinal moun majè yo ka sispann li ale lekòl.
- Yon elèv kite jwenn li koupab devan yon jij pou yon krim oswa yo te jwenn li koupab pou yon krim tou ka resevwa sispansyon.

Kisa Direktè Lekòl a decide?

1. Direktè a decide kantite tan sispansyon an ap dire.
2. Si direktè a wè prezans elèv la nan lekòl la ta gen yon "efè negative ki grav" sou lekòl la li ka sispann elèv la.



Sa vle di prezans elèv la ta gen yon gwo enpak negatif sou kominote lekòl la.



Konnen dwa ou

Si ou reponn NON pou nenpòt nan kesyon sa yo, dwa pitit ou a pitit ou a ka te vyole:

- ☐ Èske lekòl la te enfòmè w pa ekri sou akizasyon kont pitit ou a anvan yo te sispann oswa mete li deyò?
- ☐ Èske lekòl la te bay yon avi alekri pou fè ou konnen yo pral sispann oswa ekspilse pitit ou a?
- ☐ Èske lekòl la te enfòmè ou alekri kijan pou ou konteste desizyon sispansyon an kot direktè jeneral la?
- ☐ Èske avi a te gen enfòmasyon ki di pitit ou a gen dwa fè apèl epi gen yon avoka nan apèl la?
- ☐ Èske pitit ou a gen yon plan IEP oswa 504?
 - Si wi, èske lekòl la te fè yon Revizyon Desizyon Manifestasyon (MDR)?
 - Yon MDR gade si konpòtman an te gen rapò ak andikap yo oswa si lekòl la pa t suiv IEP oswa plan 504 la.
- ☐ Èske lekòl la te l asire pitit ou a te resevwa sèvis edikatif pandan yo te sispann/ekpilse? Lekòl la dwe ofri omwen de opsyon pou pitit ou a kontinye aprantisaj li.

Lis Mo

Lòt Opsyon Sèvis Edikasyon

Lekòl yo dwe bay elèv ki sispann oswa ekspilse pou plis pase 10 jou youn apre lòt yon lis sèvis edikasyon lekòl la pral bay pandan sispannyon oswa ekspilasyon an. Lis la dwe gen ladan l omwen de chwa diferan pou elèv la chwazi. Lekòl la dwe dokimante si elèv la aksepte sèvis yo ak ki sèvis li aksepte.

Lòt Opsyon Anviwònman Edikasyon

Sa a se yon plasman ekip IEP pitit ou a chwazi, ki gen ladan paran an ak elèv la, kote elèv la rete pou pa plis pase 45 jou lekòl . Nan plasman sa a, elèv la ka kontinye aprann matyè regilye lekòl li resevwa sipò ak modifikasyon ki nan IEP yo epi travay sou modifikasyon ki mansyone nan IEP yo, epi travay sou objektif IEP yo. Anviwònman an gen ladan tou èd espesyal pou elèv la jere konpòtman ki te lakòz plasman pou l pa repete li.

Dirèk ak sibstansyèl oswa Materyèl ak sibstansyèl

Sa a se si konpòtman timoun nan konekte avek andikap yo. Kèk kesyon pou reflechi sou yo se: Èske konpòtman an te yon siy oswa yon rezilta andikap la? Èske andikap la ede esplike rezon konpòtman te fèt? Èske gen yon modèl konpòtman ki ta ka konekte ak andikap la? Si timoun nan gen yon plan pou konpòtman, èske li mache? Èske gen lòt sipò ki deja an plas pou evite konpòtman sa a?

Kontakte liy asistans gratis nou an ki pale plizyè lang

Disiplin Lekòl

Aksè lang

Edikasyon espesyal

Elèv imigran ak elèv ki
aprann anglè

ak plis.

Rele nou:
617 357-8431

Voye mesaj
bay nou:
617 874-5354

Oswa vizite:
www.massadvocates.org/helpline



Massachusetts
Advocates
for Children

Pou plis resous
vizite sit entènèt nou an:

www.massadvocates.org